

## BAB V

### KACINDEKAN

#### 5.1 Kacindekan

Nilik kana hasil panalungtikan ngeunaan istilah tatanén ngahuma nu aya di Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas Sukabumi pikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII aya sababaraha data nu kapanggih dina prosés tatanén ngahuma.

Kagiatan ngahuma pikeun masarakat Désa Bencoy bisa disebut tatali hurip (pakasaban utama). Umumna panghasilan tina tatanén bisa nyumponan kahirupan sapopoé. Prosés atawa prak-prakan tatanén ngahuma di Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas Sukabumi sacara umum sarua jeung prosés ngahuma nu aya di wewengkon séjénna. Prosésna ngabutuhkeun waktu nu panjang ti mimiti tatahar nepi ka bérés, béda jeung prosés melak paré di sawah, sistem ngahuma mah mangrupa prosés ngagarap taneuh sacara tradisional nu mikabutuh waktu nu panjang sarta mikabutuh itungan waktu nu luyu jeung usumna.

Tina hasil analisis panalungtikan, aya sababaraha kacindekan nyaéta saperti ieu di handap :

- 1). Luyu jeung rumusan masalah nu kahiji, istilah ngahuma nu kapanggih di désa Bencoy Kecamatan Cireunghas Sukabumi téh aya 60 istilah. Tina 60 istilah éta dipasing-pasing deui dumasar kana cara ngolah taneuh aya 30 istilah, pakakas aya 10 istilah, istilah paré aya 14 istilah, hama aya 6 istilah,. Dina ngolah taneuh istilah nu kapanggih téh nya éta: *ngarag, nyacar, ngaduruk, muuhan, nukuh, ngunjal, narawas, dipacul, digarpuh, ngalelemes, ngaseuk, hama, ngajalur, reuma kolot, sapatok, jami, dibérak, disaeuran, ngabérak, huma, ngaduruk, ngagaringkeun, dangdangrat, diirik, ngoréd, ngoyos, ngoyos mulihan, tumpangsari, panén,* jeung *palawija*. Dina pakakas istilah nu kapanggih nya éta: *arit, aseuk, bedog, congkrang, étém, garpuh, koréd, kampak, pacul, jeung leuit*. dina istilah paré nu kapanggih nya éta: *bangsal, bijian, paré huma, paré gedé, paré leutik, patétan, mamareng, gugusan, heucak, sagedéng, pocongan, matek, malikaseun, jeung mangkék*. Istilah

hama nu kapanggih nya éta: *hileud, kungkang, bagong, beurit, manuk piit, jeung simeut.*

- 2). Prosés atawa prak-prakan ngahuma ti mimiti melak, ngurus, nepi ka mangsa panén ngaliwatan sababaraha tahap diantarana aya: (a) narawas, (b) nyacar, (c) ngarag, (d) ngaduruk, (e) macul, (f) ngalelemes, (g) ngagarisan, (h) ngaseuk, (i) ngoyos, (j) ngoréd, (k) ngabérak, jeung (l) dibuat. Prosés atawa prak-prakan tatanén ngahuma di Désa Bencoy Kecamatan Cireunghas Sukabumi sacara umum sarua jeung prosés ngahuma nu aya di wewengkon séjénna. Prosésna ngabutuhkeun waktu nu panjang ti mimiti tatahar nepi ka bérés, béda jeung prosés melak paré di sawah, sabab sistem ngahuma mah mangrupa prosés ngagarap taneuh sacara tradisional nu ngabutuhkeun waktu nu panjang sarta ngabutuhkeun itungan waktu nu luyu jeung usumna.
- 3). Aspék budaya nu nyampak dina kagiatan tatanén téh aya 5, (1) sistem réligi, (2) sistem élmu pangaweruh, (3) sistem basa, (4) sistem pakasaban, jeung (5) sistem pakakas jeung teknologi. Dina sistem réligi masarakat Désa Bencoy masih kénéh nyekel kayakinan saumpama rék mitembeyan ngagarap huma, masarakat sok nancebkeun hanjuang beureum pikeun jadi ciri lahan éta rék digarap. Dina sistem élmu pangaweruh tangtu waé masarakat bisa mikawanoh kumaha bagbagan tatanén, sarta mimiti mikawanoh kana istilah tatanén ku ayana mitos Nyi Pohaci. Dina sistem basa, tangtu waé istilah tatanén téh raket patalina jeung basa hususna ngeunaan pakeman basa (idiom). Tina hasil panalungtikan aya 4 babasan jeung paribasa nu patali jeung istilah ngahuma, di antarana : (a) hapa-hapa gé ranggeuyan, (b) dibéjérbéaskeun, (c) héjo tihang, jeung (d) pajauh huma. Patali jeung sistem pakasaban, tatanén ngahuma mangrupa salah sahiji pakasaban nu nguntungkeun pikeun masarakat di padésaan hususna nu aya di dataran luhur. Tatanén ngahuma bisa jadi salah sahiji sumber pangupa jiwa anu méré pangharepan pikeun masarakat dina nyumponan kahirupan sapopoé. Kitu ogé pikeun masarakat Désa Bencoy, ngahuma geus jadi pakasaban nu jadi totopang hirup pikeun kulawargana. Tina aspék-aspék di luhur bisa

dicindekeun yén Istilah tatanén ngahuma téh raket patalina jeung unsur-unsur kabudayaan.

- 4). Tina hasil panalungtikan istilah tatanén ngahuma di Désa Bencoy Kecamatan Cirungghas Sukabumi ieu bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII. Sabab istilah ngahuma mangrupa salah sahiji kabudayaan nu aya di Tatar Sunda nu kudu dipikawanoh ku masarakat umum, hususna ku siswa di sakola, sarta saluyu jeung SKKD maca di SMA/SMK/MA pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda kelas XII nya étadina poin 12.3.1 ngeunaan maca maca artikel budaya.

## 5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sawatara rékomendasi anu ditepikeun pikeun kamekaran panalungtikan maca, hususna maca ngeunaan artikel kabudayaan. Dipiharep ieu hasil panalungtikan téh bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kabeungharan budaya hususna dina widang istilah. Penyusun ngarékomendasikeun sababaraha saran ka pihak nu aya patalina jeung panalungtikan, di antarana :

### 1). Pihak Lembaga Pendidikan

Pikeun pihak lembaga pendidikan hasil tina ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran, sabab dina ieu panalungtikan ngandung unsur pendidikan hususna ngeunaan kabudayaan.

### 2). Pihak Guru

Pikeun guru salaku informan nu méré informasi ka siswa dipiharep bisa leuwih kreatif dina nyaluyukeun bahan ajar nu baris ditepikeun ka siswa. Istilah-istilah nu dipedar dina ieu panalungtikan bisa jadi salah sahiji alternatif bahan pangajaran nu luyu jeung tujuan pangajaran sarta konsép dina SKKD jeung KTSP 2006 Muatan Lokal Bahasa Sunda di kelas XII.

Teu hilap pikeun panalungtik dina widang istilah, ieu panalungtikan téh ngan saukur medar ngeunaan istilah ngahuma sacara gurat badagna hungkul. Ku kituna, dipiharep ayana panalungtik nu nalungtik ngeunaan istilah-istilah budaya

séjénna pikeun nambahan sarta ngungkab hasanah kabudayaan nu aya di daérah Jawa Barat, umumna di daérah-daérah séjénna.

